

Kèk kesyon frekan sou travay	2
Ki dokiman mwen bezwen pou mwen travay nan Chili?	3
2. Li ka peye kotizasyon an san RUT?	3
3. Konbyen kòb yo pran sou mwen chak mwa epi pou kisa?	3
4 Ki sa ki AFP a ki sa ki FONASA?	4
5. Ki sa yon kontra travay ye epi kisa li dwe genyen?	6
6. Kisa yon promès travay ye epi kisa li dwe genyen?	7
7. Ki diferans ki genyen ant yon salè likid ak yon salè brit?	7
8. ¿Qué tipos de jornada laboral hay en Chile?	8
9. Ki jan ou ka mete fen ak yon relasyon travay?	9
10. Ki dwa mwen genyen kòm travayè imigran?	9
11. Ki kote mwen ka ale si kèk nan dwa mwen yo ta leze oubyen si mwen gen dout sou kèk pwosesis?	10
12. Ki kote mwen ka chache travay?	10
13. Ki jan mwen ka valide etid oubyen revalide tit teknik oubyen profesyonèl ?	11
14. Plis konsèy pou ka afronte yon entèvyou travay?	12

Kèk kesyon enpòtansou travay

Premye pa: Konnen sitiyaşyon migratwa moun yo.

- a) Sitiyaşyon migratwa: Konnen ki tip viza li genyen si ki ka pèmèt li travay Legalman.
Nan ka viza a pa pèmèt li travay, li dwe chanje kategori viza a
Nan ka yo ta rive fiskalize li epi li pa genyen pèmisyon pou li travay moun nan ou mèt travay la ekspoze ak yon sanksyon pou katite jou travayè te travay san otorizasyon

Dezyèm pa: Konnen kondisyon kontra travay la

Poze kesyon tankou:

- a) Li gen kontra travay ki siyen kay notè?
- b) Kontra genyen aktiik nesèsè yo (previsyon, vijans, vwayaj, enpo sou revni)?
- c) Kontra a siyen kay notè ?
- d) Li gen kopi dokiman an?

Travay endepandan

- a) li gen pèmisyon oubyen otorizasyon pou li travay endepandan nan ka li ta yon machan anbilan pa ekzanp(meri)?
- b) Kèk dokiman ki montre konbyen kòb li fè(resi onorè, resi enpo e latriye)

Nan ka li te mete fen nan relasyon travay

- a) Siyen finikito?
- b) li dwe Asire li ke tout kotizasyon li yo te peye?

Twazyèm pa: enfòmè sou dwa travay

Sa ki gen awè sou orè travay

Salè minimòm

Peye lè ekstra

Peye vakans

Peye kotizasyon yo

Avize nan ka chanjman fonksyon oubyen lye travay

Travay ak RUT espere oubyen viza an tramite

Denonse si ou soufri abi yo

KESYON FREKAN

1. Ki dokiman mwen bezwen pou mwen travay nan Chili?

Pou ka travay nan Chili ou ap bezwen genyen yon viza tanporè ki abilite ou pou travay(sijè a kontra, tanporè pou profesyonèl, lyen ak chilyen oubyen ak fanmi ki genyen pèmanans definitif, MERCOSUR, ak viza konsilè tankou viza reyinifikasyon famiyal , viza Responsabilite Dmokratik)

Depi nan moman ou resevwa pèmi travay pou viza ou ki antraite aou abilite pou ou travay epy patron ka konmanse peye kotizasyon yo.

2. ou ka kotize san RUT?

Si nan ka sa ou pata ankò resevwa kat idantite a, ou ka mande yon RUT provizwa nan AFPepi nan FONASA.

Li enpòtan yon fwa ke ou genyen kat idantite ou la, ou ka fè chanjman lajan retire li sou kon provizwa a pou mete li sou RUT ke yo bay ak viza tanporè a. la.

3. Konbyen kòb yo retire sou mwen chak mwa epi pou kisa?

Chak mwa yo retire sou tout travayè, travayèz 20% nan salè brit(ki salè brit la ye)

Pou santaj sa a divize an 10% ki al jwenn Asirans Fon Pasyon (AFP), 7% Ki al jwenn Fon Nasyonal Sante(FONASA) epi yon 3% al jwenn Asirans pou moun ki pap travay (0,6%) sekirite kont aksidan ak maladi profesyonèl (0,95%) diskapasite ak sivi,(1,15%)

Li enpòtan pou konsidere ke lajan sa yo koresponn ak sekirite sosyal yo bay proteksyon nan ka si ou ta gen problè sante oubyen pèdi travay pa ekzanp, epi nan AFP lajan sa a ap transfòme an pansyon nan moman ou ap pran jibe ou .

4 Kisa ki AFP ak FONASA?

Administratè Fon Pansyon oubyen AFP, se yon bann sosyete anonim ki gen pou objektif administreyon fon pansyon yo finanse atravè fre yo touche sou moun ki afilye yo(kotizasyon)

Travayè depandan yo gen obligasyon pou yo afilye nan kèk AFP, depi ane 2018, tout travayè endepandan ki travay kòm onorè genyen obligasyon pou kotize.

Pou ka afilye ou nan yon AFP ou ka fè li prezansyèl oubyen nan sit wèb AFP. afilyasyon ap fòmalize ak premye kotizasyon yo, nan moman sa a AFPdwe kreye yon kont pèsònèl ak yon rejis nan achiv afilye yo. nan kont pèsònèl chak afilye li genyen kotizasyon yo pou kanti ko'b yo ap touche, ekonomi volontè, enterè yo genyen pou envèsyon AFP, antre lòt bagay, nan peye chak mwa.

Si ou se travayè depandan patron an dwe preokipe li pou li peye kotizasyon yo

Si ou se travayè endepandan ou dwe ranpli yon fòmilè pou w peye ki disponib nan AFP ou ye a epi peye sou kès la.

Lòt opsyon an se renpli yon fòmilè elektronik sou sit wèb sa <http://www.previred.cl> epi peye an liy.

Kotizasyon sa yo dwe peye nan premye 10 nan mwa ki vini apre ou fin resevwa salè a. si yon patron pran tan pou li peye yo ap aplike ajiste epi yon sanksyon de yon mwatye UF

Si ou se yon endepandan, ta dwe rete tan lòt mwea paske la lwa anpeche AFP resevwa kotizasyon nan dat ki pase.

Los fondos no se pueden retirar de mi cuenta de manera anticipa, la ley impide que esos fondos sean utilizados para otro fin que no sea la pensión

Mwen paka retire fon yo ki kont mwen anvan lè, la lwa anpeche ke fon sa yo itilize pou lòt fen ki pa pansyon vyeyès, san san pa anpeche ou ka al gade nan sistèm pansyon nan peyi kote ou soti a si gen kèk akò poupyo pase fon sa yo de chili ak peyi kote ou soti a. nan ka nou ta pran retrèt anticipe mwen ka resevwa fon sa yo anvan lè.

Sonje sèlman si peyi ou soti a gen akò ak Chili oubyen nan ka ou profesyonèl oubyen teknik yo ka mete li nan kontra travay la ke kotizasyon AFP, yo ap peye nan fon nan peyi kote nou soti a, nan ka kontrè ou pap ka pran lajan sapote nan peyi ou.

FONASA se Fon Nasyonal Sante kouvri moun ki peye kotizasyon yo chak mwa oubyen ak moun ki pa peye chak mwa paske se yon sistèm sante solidè (moun ki pa kotize)

Yon fwa ou konmanse travay mwen dwe fè tramite rut pwovizwa pou patron an ka kòmanse peye kotizasyon mwen yo.

Nan ka si mwen pa gen kat idantite, sistèm nan ap banm yon RUT provizwa, se yon solisyon enfòmatrik pou non mwen ka asosye ak yon nimero ki jeneralman kòmanse ak 40 milyon pou patron mwen ka depoze cha mwa lajan kotizasyon mwen yo.

RUT provizwa a diferan ant FONASA ak AFP. pou plis enfòmasyon ou ka asiste nan Kou Abilite pou Travay ke yo reyalize chak Mèkredi nan biwo SJM.

Jiska fen 2018 AFP ki te koreponn pou tout moun ki te fek ap travay pou premye fwa se dete APF ki te mwen komisyon, san kontrent apre 24 mwa ou ka chanje nenpòt sa ou vle . pou plis enfòmasyon revize lenk sa a. <https://www.spensiones.cl/portal/institucional/594/w3-propertyvalue-9897.html>

5. Ki sa yon kontra travay ye epi kisa li dwe genyen?

: Yon kontra se yon akò fòmèl ant yon travayè ak yon patron kote yo mete

- Fonksyon ak travay li gen pou li fè

- . Reminerasyon(kantite fason, ak dat pèyman)
- Dire kontra a(Plas fiks,endefini)
- Akò espesyal Depatman Etranjè

Kontra a dwe fè a lekrit epi siyen devan notè, de moun yo dwe siyen (travayè ak Patron) an epi 2 kopi nan yon dat ki pa plis ke 15 jou apre travarè a kòmanse travay.

Kontra a ka fèt nan dat fik kote yo endike dat li kòmanse epi dat lap fini oubyen kontra Endefini kote yo mansyone dat relasyon travay la konmanse a

Ka ki gen a wè ak akò espesyal depaman etranjè, sa depan de viza moun nan mande a depan de akò espesyal la..

Yo dwe mete akò sou previzon sosyal, kote yo espesifye moun ki ap peye kotizasyon yo se patron an nan enstitisyon ki koresponn nan FONASA epi AFP. akò enpo sou revni, ki dwe peye si nan ka moun gen yon salè ki siperyè ak 13.5 UTM (602.000 anviron) akò sou validite kontra, li dwe espesifye ou ka travay legalman le ou genyen yom pèmasyon pou travay oubyen yon viza nan paspò ou

Nan ka viza sijè a kontra anplis de twa akò sa yo yo dwe mete akò vwayaj la. nan lenk sa a ou ka jwenn yon modèl kontra sa a. <https://www.extranjeria.gob.cl/media/2013/12/Modelo-de-Contrato.doc>

6. Ki sa yon promès travay yeki sa li dwe genyen?

Promès kontra a rele tou òf travay. sal i genyen ladan li se menm bagay ak yon kontra travay, sèlman li pa oblije antre priz la pran moun nan pou li travay lè li genyen viza li aprouve.

Yo dwe espesifye fonksyon ak kantite kòb lap gen pou li touche epi genyen akò sou validite kontra a. Dokiman an dwe siyen kay notè

7. Ki diferans ki genyen an yon salè likid epi yon salè brit?

Salè likid la se katite lajan mwen resevwa chak mwa pou travay ke mwen reyalize , kote li dwe eki nan kontra a.

Salè brit la se kantite kòb yo peye pou jounen konplè (de 31 a 45 è pa semèn) li modifye chak semèn. aktyèlman li nan 288.000 pesos

Pandan ke salè likid la se kantite lajan ki rete lè yo fin retire pou yo peye kotizasyon previsyonèl yo. peye sa yo se yon dwa travayè genyen epi se yon obligasyon pou patron an.

8. Ki tip jounen travay ki genyen nan Chili?

Pou travayè depandan yo, nan chili ekziste twa gwo tip jounen travay.

- Jounen travay konplè ki koresponn a 31 a 45 è chaksemèn
- Jounen travay pasyèl ki koresponn a 30è oubyen mwens chak semèn.
-
- Sou salè oubyen lè ekstra: li koresponn ak yon lè ou fè ki pa nan orè ki nan kontra travay epi yo dwe peye ak yon 50% sou salè nou te akède sou jounen òdinè travay la.

Li enpòtan pou pou nou mansyone ke kantite lè legal pou yon moun travay se 45è chak semèn

Anplis pandan jounen travay, ou gen dwa ak tan pou manje 30 minit pou pipiti chak jou (tan ki pa dwe antre nan lè travay la)

Pandan semèn nan, dimanch ak epi jou ferye se pou ou repoze. Si ou travay pandan jou sa yo ou gen dwa pou mande yon jou abil nan semèn nan pou konpanse jou travay sa.

an fen pandan ane a, chak ane ou travayè travay li gen dwa ak 15 jou abil pou vakans epi yo dwe peye li.

9. Ki jan nou ka mete fen nan yon relasyon travay?

Pou ka mete fen ak yon relasyon travay, patron an dwe baze li sou kòz legal ki fonde swivan sak pase ki dwe fonde fen relasyon an. yo dwe enfòmè ou sou sitiyasyon kotizasyon, yo dwe enfòmè travayè a konbyen kòb yo ap endamnize li(jou travay nan mwa a pandan yo revoke li ak jou vakansli te genyen)

Fen travay la dwe avize pèsonèlman atravè yon lèt ak yon kopi pou enspeksyon travay nan yon delè 30 jou nan ka se pou nesesite 3 jou nan ka kontra gen dire fik oubyen si antrepriz la (sèlman si antrepriz la prè pou li peye pou lèt li pa avize a tan)

Lè yo mete fen nan yon kontra travay chak pati yo dwe siyen yon finikito, sa a se dokiman ki fòmalize fen relasyon travay la ant yon travayè ak patron nan ka li renonse oubyen yo mete fen ak kontra travay, li dwe bay nan yon dire 10 abil pou separe travayè a li dwe siyen devan notè piblik oubyen nan enspeksyon travay apre uo fin pye kotizasyon yo.

Pou plis enfòmasyon ou dwe antre nan nan lenk sa a.

<http://www.dt.gob.cl/portal/1628/w3-propertyvalue-22078.html>

10. ki dwa mwen kòm travayè imigran?

Dwa travayè yo endepandan de sitiyasyon migratwa kòm travayè imigran gen menm dwa ak nenpòt travayè chilyen

Pou plis enfòmasyon ou kas antre nan nan lenk sa a

<https://bibliotecadigital.indh.cl/bitstream/handle/123456789/887/Cartilla%20Trabaja%20Migrante.pdf?sequence=1>

11. Kote mwen dwe ale si kèk nan dwa travay mwen yo ta leze oubyen si mwen gen dout sou kèk prosesis

. Se enpòtan pou konnen nan Chili ekziste Direksyon enspeksyon travay yon enstitisyon ki garanti epi pwomouvwa relasyon travay jis,

objektif li se veye sou konfòmite lwa travay yo, previzyon epi sekirite ak sante nan travay epi promosyon ekzèsis konplè libète sendikal ak solisyon atènatif konfli yo , ki pèmèt relasyon yo plis jis ak ekite ant tavyè yo, ki kontribye ak yon sistèm demokratik relasyon ak travay yo, ak patron.

Reyalize fonsyon feskalizasyon, prevansyon epi solusyon altènatif konfli, promosyon libète sendikal ak asistans teknik atansyon, atansyon kliyan ki soti nan lwa travay yo.

Gen biwo nan tout Chili , yon telefòn ki resevwa atansyon travay ak yon tchat ki reponn kesyon frekan yo. pou plis enfòmasyon antre nan

<http://www.dt.gob.cl/portal/1626/w3-propertyvalue-23599.html>

12. Ki kote mwen ka chache travay ?

Depan de sitiyasyon migratwa ke moun retrouve gen diferan altènatif pou chache travay.

Nan moun ki antramite oubyen ki genyen yon viza tanporè genyen plizyè entitisyon ki gen paske travay SJM oubyen INCAMI. Anplis nan nivo kominal , nan chak komin gen yon biwo Enfòmasyon Travay (OMIL) kote ou kapab ale ak kat idantite w fè mete nan lis travay, san plis difikilte, gran pati travay yo yo destine ak moun ki gen pèmanans definitif

Si ou genyen yon bon entènèt ou ka antre nan paj sa yo pou kapab chache travay:

www.trabajando.cl

www.laborum.cl

www.chiletrabajos.cl

www.economicos.cl/rm/empleo

www.bne.cl

www.fcristovive.cl/buscando-trabajo.php

www.aquihaypega.cl

13. Ki jan pou mwen valide tit teknik mwen oubyen profesyonèl mwen

Ekziste yon biwo ki rele Ayuda MINEDUC, li genyen yon nimero pou rele ki se (600 600 26 26) epi li genyen yon lenk ki se <https://www.ayudomineduc.cl/>

Yo kapab oryante ou sou dosye sa a :

- Rekonesans ak validasyon etid primè epi segondè ki fèt nan peyi etranje.
- Legalizasyon epi apòstiyè dokiman etid primè , segondè ak etid siperyè.
- Sètifika enstitisyon edikasyon siperyè ki fèmen.
- Lisans edikasyon segondè
- Sètifika anyèl etid yo
- Sètifika nòt yo.
- Sètifika tit Lise Teknik profesyonèl
- Demand transparans
- Konsiltasyon ak denons sous bous epi kredi edikasyon siperyè.

Li enpòtan pou ou konnen chak profesyon genyen enstans diferan pou tèt sa yo kapab valide titi profesyonèl paske proses diferan nan chak ka.

Anpil konsèy pou afrente yon entèvyou.

:Kèk konsèy pou ka afrente nan meyè fason yon entèvyou

- Envestige tous sa ki gen relasyon ak pòs li postile a .
- Travay sou kontròl ansyete
- Koute epi apran tann
- Limite ou pou reponn ak sa yo kesyone ou la
- Pa montre eksès konfians "Pale mwen yon ti kras de ou menm", "Ki pi gro debilite ou genyen?", "Y Epi pigro fòs ou ?", Pou kisa ou vle travay isit la? Ki sa ou pa panse ou ap pote nan antrepriz la? Pou ki sa ou kite travay ou te ye avan an?, Prepare 3 repons tip konsa kesyon yo ap poze wyo pap rive sou ou pa sipriz.

- Asosye abilite yo ak ekperyans konkrè

Sa ki gen a wè ak CV a se enpòtan

- Li dwe presi (2 paj pa plis)
- San erè òtografik
- Onèt
- Yon CV pap sèvi ou pou tout travay.